*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№31 (60551) * 2020 с. * 31 август * 12 мухIаррам * 1442 с. * итни *

*цIиял харбал*

## ХIАЛТIУДЕ БАЙБИХЬИ ГЬОРКЬОБ ЛЪУНА





**Лъайкьеялъул учрежениял хIалтIизе риччаялъул дандельи тIобитIана районалъул администрациялъул дандельабазул залалда. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Р. Малачиловас, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев М. ГIусмановас ва районалъул лъайкьеялъул учрежениязул нухмалъулез.**

Данделъиялда районалъул бетIер Р. Малачимловас баян гьабуна чIара – хьараб ахIвал – хIал районалда цIунун бугониги лъайкьеялъул учреждениязда Роспотребнадзоралъул киналго тIалабал цIунизе тIадаб бугилан.

Гьезда рекъон щибаб лъайкьеялъул учреждениязда тIоритIизе ккола генералиял уборкаби лъайкьеялъул учреждениязда гьединго тIатизаризе ккола респираториял унтабаз унтарал ва гьел ратIа чIезаризе ккола. Щивав цIалдохъанас маска базе кколаро, гьелда бан хIукму гьабизе ккола эбел – инсуца. Учительзабазги маска базе кколаро, амма богорукъалъул хIалтухъабаз маскаби разе ккола ва квердахелал рукIине ккола. Киназулго черхалъул температураялда хадуб халкквезе ккола. Школазда щибаб классалда хадуб бухьинабун букIине ккола цо класс яги кабинет, гьел хисизе бегьуларо. КIвар цIикIкIине гьабизе ккола дезинфекция гьабиялде, чIезаризе ккола кверал чуризе бакIал. Цоцада гьоркьоб заман букIунеб къагIидаялда гIуцIизе ккола школазул столоваялда кваналеб къагIида. Гьединго гьукъун буго классазда, школазда гьоркьоб тадбирал тIоритIизе.

**Суратазда:** Данделъиялда.

## САЙГИД – ЗАМАНАЯЛЪУЛ ЧЕМПИОН



**UFCялъул тIадагьаб цIайиялъул чемпион ХIабиб НурмухIамадовас жиндирго сайталъул гьумералда кIудияб разилъи ва рохел загьир гьабун буго жиндирго цIайиялда Сайгид ИзахIмаев заманаялъул чемпион вахъиналда бан.**

А л ь м е т ь е в с к и я л д а тIобитIараб GFC-27 квержурарал рагъазул турниралда аслияб рагъ букIана Сайгидил ва Расул Маммаевасул, судьябазул хIукмуялдалъун бергьенлъи кьуна С. Изах!маевасе.

ХIабибица жиндирго инстаграмалъул гьумералда баркулеб ва хъвалеб буго : « Баркула вац дуда бергьенлъи.Дур гьурмада рекъана гьеб пояс.Мун чучлъуге,хадурккун дур рукIине ругел дандчIваял рукIине руго жеги жавабиял» -ян.

Сайгид куцулев вуго Eagles MMA командаялда , тIоритIарал I8 дандчIваязул I7 ялда Сайгид бергьана. Заманаялъул чемпионасул пояс кьун хадуб Сайгидица абуна: «Гьаб бергьенлъи тIолабго буссинабула дун куцарав мунагьал чураяв дир тренер ГIабдулманапие».

Районалъул росабалъ гIумру гьабулез,спорт бокьулез ракI-ракIалъ баркулеб буго Сайгидида босараб чемпионасул титул,кьеги гьесие жеги чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби росун нилъ рохизе гьаризе сахлъи ва къуват.

**Сураталда :** - С. ИзахIмаев



## НУХАЗДЕ КIВАР

**Гьал ахирал соназда районалъул централда цIикIкIун кIвар кьезе байбихьана росулъ жанир ругел нухазде. Миллияб «Дир Дагъистан – дир нухал» проекталда рекъон росдал администрациялъ ва росдал гIадамаз лъикIаланго нухал къачIана капиталияб къагIидаялда Хьаргаби росулъ.**

Гьал къоязда ручабахъ авалалда хъил тIун къачIана росдал хабалазде унеб нух. Гьениб кIикъогоялдаса цIикIкIараб тонна асфальт лъуна. Росдал администрациялъ гIарцулал сурсаталги риччан гьеб авалалда гIумру гьабулез ва цо – цо росдада ракI унтарал гIадамаз къокъабго заманалда жаниб лъикIаб нух гьабуна. Росдал жамагIаталъул рахъалдасан кIудияб ракI – ракIалъулаб баркала буго гьеб хIалтIулъ гIахьаллъи гьабурал киназего.

**Сураталда:** Нухде хъил тIолеб

*спорт*





# СПОРТАЛЪУЛ БАЙРАМ

**Гъаб соналъул 26 августалда Хьаргаби росулъ ГI. ГIабдурахIмановасул цIаралда бугеб спортивияб школалда футбол хIалеб майданалда тIобитIана миллияб спортивияб къецал. Гъениб гIахьаллъи гьабизе рачIун рукIана районалъул росабалъа ва ГIахъуша районалдаса спортсменал. Къецазул програмаялда рукIана: гира борхи, гамачI рехи, кIанцIи, рекери, чIорбутI гIужда речIчIи, квар цIай ва гь. ц.**

Къецал рагьун гIахьаллъи гьабулезда ва балагьизе рачIаразда хинал рагIаби абуна: республикаялъул Муфтияталъул мугIрузул территориалияб округалъул вакил М. ИзрагIиловас, районалъул бетIер Р. Малачиловас, росдал бетIерасул ишал тIуралев ХI. Арбулиевас. Къецал байбихьиледе районалъул бетIер Р. Малачиловас гIемерсоназулаб ракI бацIадаб спорт цебетIезабиялда хурхун гьабулеб хIалтIуе гIоло гIумруялъул 70 сонил юбилеялдаги бухьинабун районалъул администрациялъул баркалаялъул кагъат ва гIарцулаб премия кьуна ТI. МучIиевасе, гьединго районалда бугеб волонтеразул къокъаялъе.

Байбихьана щибаб спорталъул тайпаялда хIалуцарал къецал. Гъениб бергьенлъи босаразе чIезе гьарун рукIана дипломал, медалал, гIарцулал сайгъатал ва чадил горал. Унти багъариялдалъун карантиналда рукIарал гIадамазе цIакъ гьира букIана къецазде. Гьаниб рехсей гьабичIого гIоларо киналго спортсменазе ва балагьизе рачIаразе къецал гIуцIараз чIезе гьабун букIана кIудияб мажгиталда бухIилеб квенги. Тадбиралде рачIарал киналго рази хутIана.



**Суратазда:** Къецазда

# СПОРТАЛЪУЛ КЪЕЦАЛ ТIОРИТIАНА



**Дагъал церегIан къояз Хъвартихьуниб росулъ тIоритIана спорталъул къецал. Гьел тIоритIиялъе асливб гIиллаги букIана гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб, динияб тарбия кьеялде кIвар буссинаби.**

Тадбир гIуцIун букIана росдал администрациялъ, диниял церехъабаз, гIолилаз, районалъул терроризмалда данде къеркьей гьабиялъул комиссиялъул кумекалдалъун ва квербакъиялдалъун.

Гьенир рукIана гIужда чIорбутI речIчIи, кIанцIи, гира борхи ва цогидалги спорталъул тайпаби. Щибаб спорталъул тайпаялда загьир гьаруна бергьенлъи босарал ва призалъулал бакIазде рачIарал. Гьезие кьуна сайгъатал. Къецаздаса хадуб гIахьалчагIазе ва тIаде рачIаразе чIезабун букIана бухIилеб квен.





**Суратазда:** Къецазда.

*Нилъго нилъецаго цIунизе ккола*

# КОРОНАВИРУС – БАЛАГЬАБ УНТИ

**Марталдаса нахъе республикаялда пандемиялъ унтаразул къадар 10000 – ялдаса тIаде ана. Унтул кIиабилеб карачел гьулчун бачIинадай бачIинародай абураб суалалъ рахIатхвезабун буго гIадамазул.**
**Гьеб рахъалъ республикаялда бугеб ахIвал-хIалалъул бицун жиндирго пикраби загьир гьарулел руго сахлъи цIуниялъул министрасул заместительлъун гIемерал соназ хIалтIарав ГIабдула ХIажиевас.**

## ЧIванкъотIи гьечIеб мехалъ цIикIкIуна щакдарабиги

— Тахшагьаралъул I-себ больницаги, республикаялъул инфекциялъулаб ва 2-аб. клиникаялъул больницаги (ветераназул госпиталь) цIун руго унтаразул. АхIвал-хIал къо бахъанагIан хIалуцине рес буго, гьединлъидал кIванагIан цIодорлъи гьабеян, гIадамазда бичIчIизабизе мурадгун вачIана дун нужехъе, - ян байбихьана ГIабдула Набиевичас.

— ЦIар – цIарккун рехсечIониги, унтарал жаниса камураб цониги больница гьечIо жакъа МахIачхъалаялда. Гьебго хIал бугин абизе бегьула цогидал шагьараздаги. Гъизляралда маскабазул низам цIикIкIинабуна, Гъизилюрталда, Хасавюрталда, Дербенталда. Цо-цо районаздаги унтаразул къадар цIикIкIунеб буго. Гьединаздаса рехсезе бегьула ЦIумада ва Нугъай районал.

Амма гIадамазда рагIаракьанде щун бичIчIулеб гьечIо унтул бугеб хIакъикъат. БичIчIизе толеб гьечIо. Мисалалъе босилин, «Роспотребнадзоралъул» нухмалъиялъ гьабураб лъазаби гIадаб жо буго интернеталда тIибитIизабун, гьелъухъ валагьун вукIана дун. Цо чIванкъотIун гIадамазул суалал раккулареб хIалалда бицунеб гьечIоанха гьениб жидеего абизе бокьараб жо. Халкъалда бичIчIулеб хIалалъ бицунебги гьечIо, гьелдаго цадахъ халкъалде гIайибги гьабулеб буго, vнтудаса цIуна-къай гьабулеб гьечIин абун.

Дие абизе бокьараб жо буго, гIорхъичIваялъул низам гьабуниги, гьелъул кIиабилеб, лъабабилеб бутIа байбихьаниги бихьичIониги, гьабсагIат бугеб ахIвал-хIалалда чучлъизе биччачIого жидеего цIодорлъи гьабун рукIине ккела гIадамал. Гьеб буго дир аслияб мурад.

Жакъа « Роспотребнадзоралъ» гьабураб хIалтIуе къимат кьезе кколев чи дун гуро, амма ракIракIалъ абуни гьезул жигарчилъиялда разиявги гьечIо. Мисалалъе, гьал къоязда къватIибе бачIана республикаялда унтаразул къадар I0 000 чиясдаса тIаде анин абун баян. Амма гьеб къадар буго марталдаса нахъе унтаразул гIамм гьабун данде босараб тарих. Ахираб анкьида чан чи унтарав, чан сахлъарав, хварав, щиб районалда, щиб росулъ бищун гIемер унтарал ругел, хIинкъи бугеб хIалалъ иш щиб мухъалда бугебали щай гьез мухIканго баян къватIибе кьолареб?

Гьез дагIба балеб жо буго гIадамаз жидеего цIуна-къай гьабулеб гьечIилан. Кин гIадамаз гьеб гьабилеб, тIадехун ругез жидецагоги гьелъие ресал дагь гьарулел ругеб мехалъ? Бертабазул рукъзалги рагьани, унтудаса цIуна-къай гьечIого гIадамаз хIажатго гьечIого дандеруссиналги гьарулел ругони, кин гьел шартIал цIунулел гIадамаз? Цояздаса цоял чIахIиял бертабазул рукъзал руго МахIачхъалаялда. Гьа, гьенив берталъе арав чи метрагун бащдаб манзилги цIунун, гьурмада маскаги ххун чIезе вугищ столалда нахъа, цояв чIаниги, кIиабилев, лъабабилев чIолищ? Гьединго цо чияс кверазде спирт гьоркьоб бугеб лъим пунхъани, цоясул кверги бачун хадуб, кIиабилесул бачиналде цебе речIчIизабизе бугищ гьес гьебго лъамалъи, чан чи берталъе вачIуневали хIисабалде босанищ гьез? Гьединал мисалал рукIаго, кинаб цIунакъаялъулха бицунеб?



## ЦIар кинаб лъуниги, добго буго мун

**— Къо гьоркьоб бахъун гIадин бицунеб буго унтул кIиабилеб карачелги тIаде щвезе бугилан. Амма гьелдаго цадахъ цIалул цIияб соналде школал хIалтIизе риччазе рукIиналъул бицана, республпкаялъул Лъайкьеялъул нухмалъиялъ данделъиги ахIун. Гьединго хIукуматалъул идарабиги чIара-хьараб низамалда хIалтIулеб къагIидаялде нахъруссунел руго**

— КIиабилеб бутIаялъухъ ралагьун чIун руго нилъ, амма гьабсагIат бугелда цIар щибха кколеб? I000 чи унтун вугони цохIо шагьаралда, гьелда цIар «кIиабилеб карачел» абун лъуниги щиб, тIоцебеселъул хутIелилан лъуниги щиб, гIадамал унтун руго. Амма дида лъалеб жо буго цо. ГIадлу – низам къваризабичIони, гьабсагIат бугелдаса ишги бичча-бихъан танани, школал къаялде бачIинаха иш. Гьедин ккечIого букIине киналго ресал руго, гьеб ресалдаса пайда босизе ккола нилъер щивас. АхIвал-хIал чучлъизе биччачIого, берцинго тохтурзабаз малъарабги гьабун ругони иш лъикI букIина.

**— Республикаялда унти тIибитIаралдаса гьале щуябго моцI сверулеб буго. Цебеккун букIаралъул хIисабги гьабун, додинаб рескъотIараб хIал ккечIого букIине гьаб нухалъ унтуда дандечIей гьабизе ресал кинал рихьулел дуда?**

— Ресал руго. ТIоцебесеб иргаялда, гIадамал жиндир заманалда тохтурасухъе унел ругони. Гьури чIван, мегIер чвахун, гIадатияб гриппалъул рукIунел гIаламатал загьирлъаралго, жинде къватIул унти щун бугин, гьеб хIинкъи бугеб жо гурин чIечIого, тохтурасухъе ине тадбир гьабулеб бугони чияс, унтаразул къадар дагьлъизе буго.

КIиабизе босани, доб мехалъ гIадин гуреб, тохтурзабазе гьанже гьеб унтуда дандечIезе хIалбихьи щун буго. Щивав тохтурасул гьеб унтудаса цIунизе жиндирго хасаб сурсат букIинчIо, гьеб гуребги, гьезда мекъи бихьизе абулеб мех гуро, гIемерисел тохтурзаби жалго рихха - хочун лъугьана гьеб гIузруялда цере. Гьелъги ахIвалхIал бигъизабуна. ГIемерал тохтурзаби жалго унтана, чангиял хвана. Гьанже рагIулеб гьечIогури цониги тохтур унтанилан. Щай абуни, дару – сабабги хIажатаб къайицIаги буго, анлъго моцIалъ букIараб хIалуциналъ кьураб дарсги хутIана.

Цоги гьадинаб жоги буго дир кIвар буссинабизе бокьараб. Цевеккун гьаб гIузруялъ унтарав чиясул гьабсагIат щиб хIал бугебали цIехрех гьабулеб бугищ-гьечIищали суалги буго рагьараблъун хутIун. Гьев живго тохтурасухъе вачIинегIан чIечIого рокъо – рокъоре хьвадунги гьесул сахлъиялда хадуб халкквей букIине ккела. Коронавирусалъ унтарав чиясе хадубккунги чанги кIвекIенал гьаризе рес буго гьелъ. Босилин, гьесул цоги гIузру букIун батани, мисалалъе, чакаралъул диабет яги тIул унти. дагьабго заманалдасан гьесулъ унти кIиабизе багъаризе бегьула. Гьединлъидал: «Цо нухалъ унтун вукIана, тIокIалъ гьесде гьеб гIузру щоларо», - абун ракIги парахат гьабун чIечIого, гIага-божаразулги букIине ккола гьесда хадуб хал кквей. Участкаялъул больницаялъул, поликлиникаялъул хIалтIухъабазги тIаса квер босун тезе бегьуларо гьединал гIадамал.

## Вакцина гьоркьоб ккун, зулму гьабуге

**— Коронавирусалде данде дунялалда тIадго тIоцебе вакцина бахъана нилъер хIукуматалъ. Гьелда тIад гьарурал хIалбихьиязги лъикIаб хIасил кьунин абулеб буго. Кин бугониги, гьелдехун халкъалъул божилъи гIолеб гьечIолъи бихьулеб буго. Жалго лъикIал рахъун чорхолъе гьеб биччазе разилъиларилан абулел чагIи гIемерал руго.**

— Жибго вакцинаялъе къимат кьезе дун лъугьинаро: дун гьелъул агьлу гуро. Гьелъие къимат кьезе батIияб хасаб лъайги хIалбихьиги хIажалъула. Амма гIадамазул бугеб рахIатхвей дида бичIчIула. Гьезул щакдараби щай цIикIкIунел ругел? Медицинаялъул гIалимзабазул жидерго гьечIо цо ккураб пикру. Мисалалъе, цIех-рехал гьарулеб цо пуланаб медицинаялъул институталда абулеб буго вакцина гьедин къокъаб заманалда жаниб хIадур гьабуларин, гьелъие лъикI хIадурлъизе кколилан. Цогидал рохун руго къокъаб заманалда Россиялда кIванин вакцина къватIибе биччазе, гьеб лъикI бугилан. Лъабабилез абуни хъвалеб буго гьеб хIадур гьабулаго гIисибикъинал ругониги, хIалбихьиялъул заманалда, 30-40 – ниги хиса-басиял кканин абун. Гьеб баян дуцаги цIалана, дидаги бихьана, хутIаразги гьелдаса пайда босичIого батилищ? ГIиси-бикъинал ругониги, гьелги гъалатIаллъидал кколел, гIадамазул гьелъ рахIат хвезабичIого букIинищ? Гьединлъидал хIажат буго цо маслигIат. Цояс гьадин бицун дос адин бицун, гIадамазул бетIер биххизабичIого, киналго дандеги ракIарун цо пикруялде рачIине.

**— Гьеб вакцина чара гьечIого гьабизе кколин абулел чагIиги руго. Нагагь гьеб жидеего гьабизе гIадамаз биччачIони, гьезие харжал кьезе гьечIин, штатал къокъ гьаризе ругин, хIинкъаби кьолел ругин абурал харбалги рагIула.**

— Дидаги рагIана гьелго харбал. Амма гьеб битIун гьечIоха. Чиясда тIад зулму гьаби ккола гьеб. БатIияб жо буго чиясда берцинго бичIчIизабулеб бугони. Мисалалъе, отпускалдаса вачIунев хIалтIухъан ватани, гьесда абулебги бугони: «Мун сахго вукIин тасдикъ гьабулеб кагъатги босун вачIа поликлиникаялдаса», - ян, гьеб батIияб иш буго. Амма вакцина гьабичIони, дуе хIалтIулъ кIвегIенал гьаризе ругин хIинкъаби кьун, гьелдацин течIого гьев хIалтIуласа ватIа гьави буго чиясда тIад зулму гьаби. Дун гьелда тIад рекъоларо.

**— Кин букIаниги, ГIабдула, щуго моцIалъ цебе букIараб хIалкъайги, кIудияб рахIатхвейги гьечIого, «кIиабилеб карачел» бачIаниги, дагьаб бигьаго гьелъул бакIлъи борхизе кIолилан кколищ дуда?**

— Кутакалда кIола. Амма цIунакъай гьабизе гIадамазда лъанани.

Мисалалъе, щиб хIажалъи букIараб жакъа киса-кирего бертабазул рукъзал рагьизе? Гьел рагьичIого хутIани, гIадамазе кколеб къварилъийищ бугеб? Гьединго тагIзияталги, магIирукъзалги щай дагьабги мехалъ къан течIел? Шагьаралда жанир хьвадулел маршруткабиги руго жаниса хIурул цIун. ХIуруда цадахълъидал кинабго инфекция букIунеб.

Гьелда релълъарал цогидалги мисалал руго унти тIибитIиялъе квербакъулел. Гьединлъидал, цоги нухалъ абуниги, жалго гIадамазда бараб буго парахалъиги лъикIлъиги. ГьабсагIат бугелдаса иш чучлъизе биччани, иш квешаб бакIалде бачIунеблъи гьезда бичIчIизе ккола. ТIад ругезул буюрухъаздеги, малъа-хъваяздеги мугъчIвай гьабун чIечIого, щивав чияс жиндасаго байбихьун гьабе цIодорлъи. Гьеб мехалда кIвезе буго нилъеда гIузру нахъе бачахъизе.

**"ХIакъикъат" газеталдаса босараб**

*Даруял хурдузул энциклопедиялдаса*

# БИ ДАГЪЛЪУН БУГОНИ

**Бищунго тIиритIарал унтабазул цояблъун ккола би дагълъи (анемия).**

ГIемерисез гьеб, захIматаб унти гуринги абун, кIвар кьечIого тола, ахир-къадги сунде гьелъ рачине бегьулебали лъангутIиялъ. Тохтурзабаз бицухъе, би дагьлъиялъе гIиллалъун букIине бегьула гармоналиял хиса- басиял, кванирукъалъулгун бакьазул, тIулал, ургьисалазул унтаби, климакс байбихьи. Би дагьлъизе бегьула операция гьабидалги, гьеб бараб букIуна кваналеб кванидаги. Би дагьлъийилан абула бидулъ багIарал клеткаби дагьлъиялда. Би дагълъи букIине бегьула инфекциялъул ва онкологиял унтабазул гIаламатлъунги. Гьединлъидал, гьеб сах гьабилелде цебе тIолабго чорхол хал-шал гьабизе ккола. Би дагълъи букIуна батIибатIияб тайпаялъул, гьединлъидал, сах гьабилелде, тохтурзабаз цин гьеб кинаб тайпаялъулали мухIканго чIезабизе ккола.

Би дагьлъиялъул гIаламаталлъун ккола рухI тIагIун лъугьин, хехго свакай, хехго ццидахин, гIемер кьижизе бокьи, бетIер сверун, унтун лъугьин, гIундузда жанир батIибатIиял сасал рагIи, беразда цере чIегIерал тIанкIал лъугьин, хасго циндаго тIаде рахъиндал, гьитIинабго хIалтIи гьабидал ракI хехлъун лъугьин. Би дагьлъиялъул гIаламатазул хасият бараб букIуна гьелъул тайпаялдаги.

Би дагьлъиялъе тохтурзабаз дараби хъвала кинаб тайпаялъул гьеб бугебали халги гьабун. Бищунго гIемер дандчIвала махх мукъсанлъиялъул хIасилалда би дагьлъи. Хасго гьеб букIуна лъимаде ругел руччабазул. Гьединазе хъвала махх гьорлъ ругел дараби. Би дагълъи сах гьабиялъе кIвар бугеблъун ккола чорхое къваригIунел витаминаздалъун ва цогидал жалаздалъун бечедаб квен кванай.

Дагълъараб би, ай гемоглобин цIикIкIинабиялъе тохтурзабаз хъварал дарабазда цадахъго гьаризе бегьула халкъиял дарабиги. Би дагьлъи гIемер мехалъ сах гьабичIого тезеги бегьуларо. Би дагьал гIадамал хехго унтула, гьезде хехго рахуна инфекциял.

Чорхол хIал нахъе ккей гуребги, ахирал соназда гIалимзабаз чIезабун буго би дагьлъиялъ рекIее квешаб асар гьабулеблъи, заманалдасан гьелъ батIи- батIияб рекIел унтабазде рачунеблъи. Би дагьаб букIуна лъимаде йигей щийай ункъабилей-щуабилей чIужугIаданалъулги. Хасго гьез бегьуларо гьеб кIвар кьечIого тезе, щайгурелъул, гьезул черхалъе кIиго нухалъ цIикIкIун къваригIуна махх ва цогидал, жал мукъсанлъани би дагьлъулел жал. Эбелалъул чорхолъ гьел гIураб къадаралда гьечIони, лъимералъеги гьел мукъсанлъула, лъимерги гьабула загIипаб, гIураб цIайи гьечIеб, чорхолъ би дагьаб. ХIинкъи букIуна анемия бугел руччабаз лъимал заман щвелелдего гьариялъулги. Гьединлъидал, гьез гьеб гIузру чара гьечIого сах гьабизе ккола.

### Би дагълъи сах гьабиялъе халкъияб медицинаялъул руго гьадинал малъа-хъваял:

1. Ламадурги, багIараб чIакIултIанги, чIегIераб талганги хъвагIавалъ хачала. Гьездаса цIцIурал соказул баща - бащадаб къадар хьагинибеги тIун, бащдаб сагIаталъ гьоркьохъеб къагIидаялъ боркьараб корониб лъела, тIалъелги дагьабго рагьун тун. Гьелъул цо-цо кIудияб гъуд гьекъела къойида жаниб лъабго нухалъ кваналелде бащдаб сагIаталъ цебе. Гьедин гьекъела лъабго моцIалъ.

2. Алоэялъул сокалъул 150 миллилитрги, гьацIул 250 граммги, «Кагоралъул» 350 миллилитраги жубазабила. Гьелъул цо-цо кIудияб гъуд гьекъела къойида жаниб лъабго нухалъ, кваналелде цебе.

3. ГIинтIидул кIиго кIудияб гъудалде тIаде тIела гьалараб лъел цо стакан. Дагьаб мехалъги тун, чай гIадин гьекъела. Гьелде лъим чанцIулго тIун гьекъезеги бегьула.

4. Хъуризабураб цикорий харил сокалъул цо кIудияб гъуд, рахьдал стаканалда гъорлъги жубазабун, багъарила. Гьеб къойиида жаниб лъабго нухалъ гьекъон лъугIизабила. Гьаб даруялъ кумек гьабула черх загIиплъидалги би дагьлъидалги.

5. Маялда бакIарараб юшан харил (полынь) 100 грамм 45 % проценталъул спирталда (500 мл.) гъорлъ жубазабила, лъугьине ва тIокIкIине тела 21 къоялъ бецIаб бакIалда. Гьекъела мачIикьего, 50 миллилитр лъеда гъорлъе 1-5 къатIраги тIинкIун.

6. ЛъабгIиналъул тIогьол багIарал бутIрузул 10 граммги босун, гьелда тIаде тIела гьалараб лъел цо стакан. ТIокIкIине тела 45 минуталъ, цинги цIцIвила ва гьекъела 2 кIудияб гъуд цIураб тIокIкIел къойида жаниб 3 нухалъ.

7. Бащдадаб къадаралда чIегIераб смородинаялъул, багIараб жаккиялъул, гири- гараялъул сокалги журазарун, гьекъела къойида жаниб 2 нухалъ баща-бащадаб стакан.

8. Журазарила жаккиялъул пихъил 4 кIудияб гъуд, гIинтIидул 3 гъуд, чIегIераб смородинаялъул 4 гъуд, юшаналъул (полынь) 2 кIудияб гъуд. Гьел хурдул журараб жоялъул 20 граммалъе 500 грамм хIисаб гьабун лъимги тIун тIокIкIел гьабила. Гьекъела, стаканалъул ункъил бутIа хIисаб гьабун, къойида жаниб 3 нухалъ 2-3 моцIица.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

## РУЗНАМА

### Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД для Гергебильского района Республики Дагестан

### сентябрь

| Дата | Утренний | Восход солнца | Обеденный | Аср | Вечерний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 03:40 | 05:14 | 11:57 | 15:35 | 18:31 | 19:48 |
| 2 | 03:41 | 05:15 | 11:57 | 15:34 | 18:29 | 19:46 |
| 3 | 03:43 | 05:16 | 11:57 | 15:33 | 18:28 | 19:44 |
| 4 | 03:44 | 05:17 | 11:56 | 15:32 | 18:26 | 19:42 |
| 5 | 03:45 | 05:18 | 11:56 | 15:31 | 18:24 | 19:40 |
| 6 | 03:47 | 05:19 | 11:56 | 15:30 | 18:22 | 19:38 |
| 7 | 03:48 | 05:20 | 11:55 | 15:29 | 18:21 | 19:36 |
| 8 | 03:50 | 05:21 | 11:55 | 15:28 | 18:19 | 19:35 |
| 9 | 03:51 | 05:22 | 11:55 | 15:27 | 18:17 | 19:33 |
| 10 | 03:52 | 05:23 | 11:54 | 15:26 | 18:15 | 19:31 |
| 11 | 03:53 | 05:24 | 11:54 | 15:25 | 18:14 | 19:29 |
| 12 | 03:55 | 05:25 | 11:54 | 15:23 | 18:12 | 19:27 |
| 13 | 03:56 | 05:27 | 11:53 | 15:22 | 18:10 | 19:25 |
| 14 | 03:57 | 05:28 | 11:53 | 15:21 | 18:08 | 19:23 |
| 15 | 03:59 | 05:29 | 11:52 | 15:20 | 18:07 | 19:21 |
| 16 | 04:00 | 05:30 | 11:52 | 15:19 | 18:05 | 19:19 |
| 17 | 04:01 | 05:31 | 11:52 | 15:18 | 18:03 | 19:17 |
| 18 | 04:02 | 05:32 | 11:51 | 15:16 | 18:01 | 19:15 |
| 19 | 04:04 | 05:33 | 11:51 | 15:15 | 17:59 | 19:13 |
| 20 | 04:05 | 05:34 | 11:51 | 15:14 | 17:58 | 19:11 |
| 21 | 04:06 | 05:35 | 11:50 | 15:13 | 17:56 | 19:09 |
| 22 | 04:07 | 05:36 | 11:50 | 15:12 | 17:54 | 19:08 |
| 23 | 04:08 | 05:37 | 11:50 | 15:10 | 17:52 | 19:06 |
| 24 | 04:10 | 05:38 | 11:49 | 15:09 | 17:51 | 19:04 |
| 25 | 04:11 | 05:39 | 11:49 | 15:08 | 17:49 | 19:02 |
| 26 | 04:12 | 05:40 | 11:49 | 15:07 | 17:47 | 19:00 |
| 27 | 04:13 | 05:42 | 11:48 | 15:05 | 17:45 | 18:58 |
| 28 | 04:14 | 05:43 | 11:48 | 15:04 | 17:44 | 18:56 |
| 29 | 04:16 | 05:44 | 11:48 | 15:03 | 17:42 | 18:55 |
| 30 | 04:17 | 05:45 | 11:46 | 15:02 | 17:40 | 18:53 |

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIияв соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».*** **Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 27 августа 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00